

**ANALISIS KASALAHAN NGAGUNAKEUN BASA
DI DAÉRAH KASULITAN MORFOLOGI
DINA TÉKS PERSUASI BARUDAK SAKOLA KELAS VIII
SMPN 2 PAMEUNGPEUK**

RINGKESAN

Basa teu lepas tina téks jeung pangajaran, sabab téks mangrupikeun alat pikeun nangkeup eusi basa. Dina waktu diajar basa, masalah atawa karumit sok aya. Kasalahan dina ngagunakeun basa bisa ngagambarkeun kamampuan barudak sakola, khususna dina widang morfologi nyaéta tata bentuk kecap. Kasalahan dina ngabentuk kecap anu teu luyu jeung aturan bahasa Indonesia hartina ngagunakeun basa nu dimaksud kurang komunikatif, tepi ka pésen anu ditepikeun teu bisa ditarima kalayan hadé malah mah sok jadi kasalahpahaman. Dumasar masalah anu kapanggih, penulis kataji pikeun nalungtik ku téhnik analisis kasalahan ngagunakeun basa di daérah kasulitan morfologi dina téks persuasi hasil karya barudak sakola kelas VIII di SMPN 2 Pameungpeuk. Penulis nyieun sababaraha pertarosan minangka acuan panalungtikan, nyaéta: 1) Kumaha bentuk kasulitan anu ngakibatkeun kasalahan afiksasi dina téks persuasi anu dijieun ku barudak sakola kelas VIII SMPN 2 Pameungpeuk?; 2) Kumaha bentuk kasulitan nu ngakibatkeun kasalahan reduplikasi dina téks persuasi anu dijieun ku barudak sakola kelas VIII SMPN 2 Pameungpeuk?; 3) Kumaha bentuk kasulitan anu ngakibatkeun kasalahan komposisi dina teks persuasi anu dijieun ku barudak sakola kelas VIII SMPN 2 Pameungpeuk? Metode nu digunakeun dina panalungtikan ieu nyéta metode kualitatif. Sumber data dina panalungtikan ieu nyaéta téks persuasi anu dijieun ku barudak sakola kelas VIII SMPN 2 Pameungpeuk. Dumasar hasil analisis aya sababaraha kasalahan dina ngagunakeun basa di daérah kasulitan morfologi, di antarana, aya kasalahan afiksasi anu seueurna 41 kasalahan, kasalahan reduplikasi anu seueurna 19 kasalahan, jeung kasalahan komposisi anu seueurna 11 kasalahan. Salah sahiji sabab kasalahan ngagunakeun basa akibat kasulitan diajar elmu morfologi sabab barudak sakola geus biasa ngagunakeun basa sapopoé tinimbang basa baku. Pikeun ningkatkeun kamahéran kosakata guru sakuduna méré kosakata anu anyar dipikawanoh barudak sakola, tuluy dilarapkeun dina komunikasi pangajaran basa Indonesia.

Kecap Konci: Basa, kasalahan, morfologi.